

IDEAS in ACTION

LIDE ANN AKSYON



Office of
Participatory
Budgeting

CITY of **BOSTON**

3 AMELYORE AKSÈ A ATIK ESANSYÈL POU POPILASYON GRANMOUN AJE BOSTON YO

Pwopozisyon sa a pral bay sibvansyon bay òganizasyon san bi likratif ki ka ede granmoun aje yo jwenn aksè nan ti bezwen pwogram gouvènman an pa kouvri yo. Anpil granmoun aje gen difikilte pou jwenn aksè nan atik esansyèl ki nesèsè pou lavi chak jou, ki ka gen yon enpak enpòtan sou kalite lavi yo, sekirite ak endepandans yo. Asistans yo bay atravè sibvansyon sa yo ka gen ladan ranplasman aparèy ijans, depans ki gen rapò ak sante ki pa kouvri pa asirans, sipò pou granmoun aje ki izole sosyalman, oswa swen relèv pou fanmi moun kap pran swen, elatriye.

finansman pwopoze: \$500,000

5 INISYATIV PREVANSYON RAT NAN ZÒN REZIDANSYÈL KI CHAJE YO

Pwopozisyon sa a gen pou objektif pou li konbat enfestasyon rat yo nan zòn sansib ki idantifye yo pandan nap amelyore pratik jesyon fatra ak diminye aksè a manje pou rat. Lè w investi nan solisyon depo fatra kote wap fè fas ak rat yo nan zòn rezidansyèl ki gen gwo dansite, sous manje pou bèt sa yo ka limite kote yo gen plis pwoblèm. Vil la pral sèvi ak yon teknoloji pou detekte bèt sa yo pou kontwole efikasite amelyorasyon sa yo epi elaji solisyon efikas yo. Inisyativ sa a sipòte nouvo Plan Aksyon kont tip bèt sa yo nan Boston , ki vize a diminye popilasyon bèt sa yo epi amelyore kalite lavi rezidan yo.

finansman pwopoze: \$500,000

1 PWOGAM SIPÒ AK EDIKASYON POU JÈN KI GEN RISK KI GEN LAJ ANT 10 A 13 ZAN

Pwopozisyon sa a pral bay sibvansyon bay òganizasyon san bi likratif yo pou bay bon jan kalite pwogram enteresan pou jèn Boston, ki gen laj 10-13, kap viv nan kominote yo ki afekte nan yon fason ki pa pwopòsyonèl pa krim ak vyolans. Objektif sibvansyon sa yo pral ogmante divèsite pwogram jèn yo nan vil la, bay yon debouché pozitif pou jèn yo lè yo pa lekòl, epi ankouraje anviwònman ki bay sipò epi ki an sekirite.

finansman pwopoze: \$300,000

4 PWOGAM POU SIPÒTE JÈN KI NAN PRIZON AK JÈN KI TE NAN PRIZON YO

Pwopozisyon sa a pral bay òganizasyon san bi likratif sibvansyon pou sipòte jèn ki gen laj 14 a 21 ki te nan prizon oswa ki nan prizon kounye a, pou ede yo bati pi bon avni. Biwo Sitwayen Ki retounen Boston yo pral bay opòtinite sibvansyon bay òganizasyon ki ka bay aksè a pwogram mintora, fòmasyon travay ak edikasyon, pwogram sante ak byennèt, ak lòt kalite sèvis sipò ki ka ekspozé ak prepare jèn ki afekte yo pou divès opòtinite. Pwogram yo ka gen ladan ekonomi kay, sibvansyon ekri, preparasyon pou kolèj, antreprenarya, antreprenè, ak plis ankò.

finansman pwopoze: \$250,000



2 ENSTALE BAN NAN ESTASYON OTOBIS KI PI FREKANTE NAN BOSTON

Pwopozisyon sa a pral pèmèt depatman transpò vil la enstale apeprè 150 ban nan estasyon otobis ki pi frekante nan tout vil la. Pwojè a pral bay priyorite bay katye ki pi bezwen yo, tankou zòn ki gen revni fèb ak zòn jistis anviwònman an, pandan l ap asire aksè pou moun ki ka gen difikilte pou kanpe, tankou granmoun aje ak moun ki andikape yo. Yo pral chwazi konsepsyon ban yo dapre kontèks chak kote pou maksimize konfò ak itilizasyon.

finansman pwopoze: \$450,000



6 KANPAY NAN TOUT VIL LA POU ANKOURAJE SÈVIS SIPÒ POU ADIKSYON PAATHS

Pwopozisyon sa a gen pou objektif pou amelyore konsyantizasyon ak angajman rezidan yo nan pwogram PAATHS vil la, yon resous inik pou tout fanmi ak rezidan k ap chèche èd pou konbat dwòg ak plis lòt pwoblèm. Lè yo patisipe nan reyinyon kominotè yo, kolabore ak òganizasyon katye yo, epi itilize chanèl medya yo, fon PB yo pral ede fè konnen PAATHS (Bay Aksè ak Trètman kont Adiksyon, Lespwa ak Sipò), yon pwogram efikas men ki pa itilize nan Biwo Komisyon Sante Piblik Boston.

finansman pwopoze: \$300,000

7 KONEKTE REZIDAN BOSTON AK RESOUS SANTE

Pwopozisyon sa a pral elaji travay Liy Sante Majistra a (MHL), yon liy oryantasyon ki gen plizyè lang nan koze lasante ak sèvis sosyal ki konekte rezidan Boston yo ak resous sante kominotè yo. MHL la pral sèvi ak lajan PB pou elaji ak amelyore travay li nan katye Boston yo epi ofri atelye kominotè nan plizyè lang. Sijè atelye yo ka gen ladann resous pou dèt medikal, fason pou jwenn aksè nan sèvis medikal, kijan pou aplike epi ki moun ki kalifye pou plan MassHealth ak Health Connector, kijan pou jwenn yon founisè swen prensipal, aprann sou dwa pasyan yo, ak plis ankò.

finansman pwopoze: \$250,000

10 SIPÒTE KOMINOTE GARDENS LAN NAN KATYE BOSTON YO KOTE YO GEN AKSÈ LIMITE AK MANJE ABÒDAB

Pwopozisyon sa a pral bay sibvansyon bay òganizasyon san bi likratif yo pou konstwi jaden kominotè sou tè ki pa sèvi ase yo pou aksè ak itilizasyon piblik, kote yap bay priyorite a zòn kote moun gen aksè limite a manje abòdab et ki bon pou yo. Pwojè sa a pral kreye yon anviwonman ki pi an sante, anbeli kominote a, konbat ensekirite alimantè ak bati kamaradri pami rezidan yo. Operasyon jadinaj yo ta dwe gen yon plan jesyon pou bèt solid kap detwi jaden yo.

finansman pwopoze: \$500,000

13 DEVLOPE OPÒTINITE LWAZI ASWÈ POU JÈN YO

Pwopozisyon sa a pral bay sibvansyon bay òganizasyon san bi likratif yo pou elaji opòtinite lwazi nan aswè ak wikenn pou jèn Boston yo. Sibvansyon yo pral fèt pou diminye obstak pou patisipasyon lè yo redui frè yo ak amelyore aksè nan ekipman yo. Atravè patisipasyon espò, jèn Boston yo pral konstwi koneksyon pozitif epi ranfòse angajman kominote a.

finansman pwopoze: \$300,000

8 ASISTANS POU LWAYE POU JÈN BOSTON KI GEN LAJ 16-24

Pwopozisyon sa a pral finanse yon premye pwogram asistans pou lwaye pou rezidan Boston ki gen laj 16 a 24 an pou estabilize sitiyasyon lojman yo. Rezidan ki elijib yo pral kapab jwenn asistans ki rive jiska \$5,000 pou kouvri pèman lwaye an reta oswa depans demenajman, tankou premye/dènnye mwa lwaye, depo sekirite, ak/oswa frè koutye. Fon an pral fonksyone anba responsabilite Biwo Estabilite Lojman an, lè l sèvi avèk enfrastrikti ak direktiv Fon Estabilizasyon Lokatè (TSF) ki egziste deja. REMAK: Minè ki poko gen 18 an dwe kapab deside poukont yo (sa vle di yo pa bezwen paran yo pou deside pou yo anko) legalman pou aplike pou asistans.

finansman pwopoze: \$200,000

11 PYEBWA FWI AKSESIB PIBLIK POU REZIDAN BOSTON

Pwopozisyon sa a pral bay òganizasyon san bi likratif sibvansyon pou plante pyebwa fwi ak ti pyebwa sou tè ki pa sèvi ase yo pou aksè ak itilizasyon piblik. Sa pral kreye lè pi pwòp, pwoteje espas vèt nou yo, ede ak ensekirite alimantè, epi bay yon sous pwodui òganik pi bon mache. Òganizasyon kominotè yo ta dwe priyore zòn ki gen plis chalè pandan ete a, ansanm ak kote yo limite aksè a manje nourisan ak abòdab. Yo dwe itilize pratik kiltivasyon fwi dirab epi patnè jesyon yo dwe gen yon plan solid pou bèt kpa detwi jaden yo.

finansman pwopoze: \$500,000

14 OGMANTE AKSÈ A PWODWI MANJE KI FRE NAN BOSTON

Pwopozisyon sa a pral bay òganizasyon san bi likratif yo sibvansyon pou ranfòse pwogram asistans pou rezidan Boston ki fè fas ak ensekirite alimantè. Objektif sibvansyon sa yo se pèmèt rezidan yo gen aksè a manje fre (fwi ak legim, pwodwi letye, ze, vyann, pwodwi ak bèt ki sot nan lanmè).

finansman pwopoze: \$400,000

9 OPÒTINITE EKONOMIK POU ANTREPRENÈ KI GEN TI REVNI

Pwopozisyon sa a pral idantifye espas ki pèmèt antreprenè ki gen revni fèb yo devlope lide biznis yo epi mache fè maketinn pou pwodwi oswa sèvis yo. Lè yo fè patenarya ak òganizasyon san bi likratif vil yo, Biwo Ti Biznis yo pral ede idantifye ak fasilite itilizasyon espas piblik ak prive ke yo ka itilize pou sipòte antreprenè ki gen revni fèb epi ankouraje kwasans ekonomik. Lajan PB yo pral itilize kòm sibvansyon pou òganizasyon san bi likratif yo pou sipòte efò deklanchman lokal yo nan espas piblik yo, tankou mache sezonye yo, epi pou bay antreprenè aksè a espas prive gratis oswa a pri ki ba, tankou kwizin. Tèm "aktivasyon" pral defini pa kominote a pou asire ke li reflete bezwen reyèl yo.

finansman pwopoze: \$500,000

12 PILOTE YON EKSPANSYON PWOGAM DJÒB POU JÈN YO PANDAN ANE LEKÒL LA

Pwopozisyon sa a pral kreye yon sèl grenn pwogram pilòt pou evalye rantabilite travay a tan pasyèl, pandan tout ane a pou jèn rezidan ki gen laj 14-24. Inisyativ sibvansyon sa a pral sèvi senkant-sèt (57) jèn ki gen revni fèb atravè vil la epi li pral dire pou 40 semèn (septanm jiska jen) pou konplete travay ete pou jèn SuccessLink atravè vil la.

- Karannde (42) jèn ki gen laj 14 a 18 an ap kapab travay 10 èdtan pa semèn nan yon pousantaj de 18 dola lè.
- Kenz (15) jèn ki gen laj 19 a 24 an ap kapab travay 15 èdtan pa semèn nan yon pousantaj de 20 doal lè.

Biwo Travay ak Opòtinite Jèn Boston yo pral kontwole ak anpil atansyon pwogram pilòt sa a pou evalye enpak travay a tan pasyèl, pandan tout ane a, sou jèn yo.

finansman pwopoze: \$515,000